Kubhabhatidzwa uye Ushamwari Hwako naMwari (Chikamu 1)

Nyaya ino yakatorwa muchitsauko 18 chebhuku rinonzi *Bhaibheri Rinombodzidzisei Chaizvo?* rinowanikawo pajw.org.

CHINANGWA: Ongorora zvaunotenda uye kuti nei uchizvitenda, uye ongororawo kuti Bhaibheri rinodzidzisei, woona kuti ungatsanangurira sei vamwe zvaunotenda.

VAKRISTU VANOFANIRA KUBHABHATIDZWA HERE?

1 ONGORORA ZVAUNOTENDA

Nei vamwe vangapindura kuti hungu?

Nei vamwe vangapindura kuti kwete?

Ko *iwe* unotiwo chii?

Nei uchidaro?

www.jw.org © 2017 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

2 TARISA UONE ZVINODZIDZISWA NEBHAIBHERI

VaKristu vanofanira kubhabhatidzwa kana kuti kunyudzwa mumvura.
(Ona chitsauko 18 chebhuku ra*Bhaibheri Rinombodzidzisei?*, pandima 1-4.)

Verenga Mateu 28:19; Mabasa 8:35, 36.
Chii chinoita kuti vateveri vaKristu vade kubhabhatidzwa?

Verenga Pisarema 40:7, 8.
Munhu anenge achida kubhabhatidzwa anofanira kunzwa sei nezvekuita kuda kwaMwari?

Asati avaka imba, munhu akachenjera anoongorora purani yacho kuti azive zvinenge zvichidiwa. Saizvozvowo, munhu akachenjera anodzidza Shoko raMwari kuti anzwisise zvaanonzi naMwari aite.—Ruka 14:27-30

www.jw.org © 2017 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

Tisati tabhabhatidzwa tinofanira kunge tiine kutenda uye tichinzwisisa zvinotaurwa muBhaibheri.

(Ona chitsauko 18 chebhuku ra*Bhaibheri Rinombodzidzisei?*, pandima 5-7.)

Verenga VaHebheru 5:12.

Kuti uzobhabhatidzwa unofanira kunge uchiziva zvakawanda sei nezveBhaibheri?

Verenga Mabasa 4:12; 2 Timoti 3:16, 17; VaHebheru 11:6.

Unofanira kuva nekutenda muchii kuti urambe wakatendeka kana wabhabhatidzwa?

Chii chaungaita kuti uwedzere ruzivo rwako uye usimbise kutenda kwako? Taura zvimwe zvacho.

www.jw.org © 2017 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

3 TSANANGURIRA VAMWE ZVAUNOTENDA

KANA MUMWE MUNHU AKATI…

Mwana mucheche paanobhabhatidzwa, Mwari anomuchenesa pachivi.

UNOGONA KUTI…

Ndizvo zvinofungwawo nevakawanda. Asi ini handitendi izvozvo nekuti…

_____

_____

Ungamuverengera vhesi ipi?

_____

Uchifunga nezvemaonero ake, ungamubatsira sei uchishandisa vhesi iyi kuti anzwisise nyaya yacho?

_____

KANA MUMWE MUNHU AKATI…

Kana ukangogamuchira Jesu seMuponesi wako, unokodzera kubhabhatidzwa.

UNOGONA KUTI…

Ichokwadi kuti kutenda muna Jesu kunokosha. Asi pane zvimwe zvinofanira kuitwa nemunhu asati atora danho iri rinokosha rekubhabhatidzwa nekuti…

_____

_____

Ungamuverengera vhesi ipi?

_____

Uchifunga nezvemaonero ake, ungamubatsira sei uchishandisa vhesi iyi kuti anzwisise nyaya yacho?

_____

www.jw.org © 2017 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania